

Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2019

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO FELISITE 39 MOUN KI TE GRADYE NAN AKADEMI LAPOLIS PAK ETA YO**

### ***Nouvo Ofisye yo Pral Ede Pwoteje Plis Pase 74 Milyon Vizitè Anyèl nan Sistèm pak Eta yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te felisite 39 diplome ki soti nan 16yèm Lekòl Bazik nan Akademi Polis nan Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation (State Parks)). Nouvo ofisye yo pral afekte nan kòmandman rejyonal atravè eta a pou travay nan kèk nan 180 pak eta ak 35 espas istorik Eta New York yo, ki atire plis pase 74 milyon vizitè chak ane.

"Jodi a, nou rekonèt 39 fanm ak gason ki te reponn a apèl pou pwoteje moun New York yo ak pak eta ak espas istorik cheri nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Manm Lapolis Pak Eta New York yo (New York State Park Police) ap travay ak tout kè yo chak jou pou pwoteje vizitè Pak Eta yo ak moun ki soti atravè Eta a. Nan non tout moun New York yo, mwen prezante felisitasyon mwen a diplome sa yo ak fanmi yo."

**Komisè Pwovizwa Pak Eta yo Erik Kulleseid te deklare,** "Nou te pran angajman kreye yon anviwònman ki sekirize epi akeyan pou 74 milyon vizitè nan sistèm pak eta nou an chak ane. Nouvo biwo sa yo pral jwe yon wòl kle nan ede vizitè yo gen yon eksperyans rekonpansan epi ki pwofitab nan etablisman pak eta yo atravè New York".

**Direktè Pwovizwa Lapolis Pak nan Pak Eta yo Mark VanWie te deklare,** "Felisitasyon a tout nouvo ofisye lapolis pak nou yo. Fòmasyon yo prepare yo pou yon karyè difisil ak gratifyan -- pwoteksyon rezo pak ak sit istorik Eta New York yo ak plizyè milyon moun ki ap vizite yo. Yo ap rejwenn yon ekip ofisye ki devwe ki ap rann yon gwo sèvis piblik a moun Eta New York yo".

39 rekri yo te konplete yon pwogram fòmasyon rezidansyèl pandan sis mwa nan Akademi Polis Pak Eta a (State Park Police Academy) ki nan Rensselaerville, Konte Albany. Fòmasyon an te konsiste an ansèyman nan sal klas yo sou Lwa sou Pwosedi Kriminèl (Criminal Procedure Law), Lwa Penal (Penal Law), Lwa sou Machin ak Sikilasyon (Vehicle and Traffic Law), Lwa sou Pak ak Lwazi (Park and Recreation Law), ankèt kriminèl ak yon seri lòt sijè ki gen pou wè ak lapolis. An plis, rekrite yo te resevwa fòmasyon pratik nan zafè zam, premye swen, fonksyonman motonèj, fonksyonman ATV, fonksyonman veyikil ijans yo, ak yon gwo varyete lòt sijè pou pèmèt yo fè moun respekte lalwa. Nouvo ofisye yo pral kòmanse yon pwogram fòmasyon sou tèren pandan 10 semèn kote yo pral resevwa fòmasyon sipèvize nan men ofisye siperyè yo, epi apre yo pral afekte nan aktivite patwouy yo.

Diplome annapre yo te resevwa rekonpans rekonesans espesyal:

- Ofisye Christopher J. Roertgen ki soti South Setauket, NY, li te resevwa Prim Lidèchip la (Leadership Award),
- Ofisye Adam J. Mlodzianowski ki soti Schenectady, NY, li te resevwa Prim Akonplisman Akademik lan (Academic Achievement Award).
- Ofisye Joseph F. Roth ki soti Watkins Glen, NY, li te resevwa Prim Aptitud Fizik lan (Physical Fitness Award).
- Ofisye Matthew D. Kozlowski ki soti Lancaster, NY, li te resevwa Prim Konpetans Itilizasyon Zam lan (Firearms Proficiency Award).

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la nan Eta New York sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit 74 milyon moun chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn rekreatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa ale sou [www.parks.ny.gov](http://www.parks.ny.gov), konekte avèk nou sou [Facebook](https://www.facebook.com/parksny) oswa swiv nou sou [Instagram](https://www.instagram.com/parksny) ak [Twitter](https://twitter.com/parksny).

W'ap jwenn anba la a non, vil natal ak afektasyon rejyonal klas ki diplome a:

MANM	VIL NATAL	PREMYE AFEKTASYON	
		DISTRIK	ZÓN
Ofisye Christopher W. Amorim	Ozone Park, NY	Long Island/Metro	New York City
Ofisye Katlyn C. Beebe	Minoa, NY	Long Island/Metro	New York City
Ofisye Ayrtton J. Blankenberg	Corfu, NY	Long Island/Metro	New York City
Ofisye Vincent M. Boccia	Valley Stream, NY	Long Island/Metro	Long Island
Ofisye Lisa M. Bugdin	Westhampton, NY	Long Island/Metro	Long Island
Ofisye Salvatore M. Callea	Tonawanda, NY	Long Island/Metro	New York City
Ofisye Raymond D. Coffey	Adirondack, NY	Hudson Valley	Palisades
Ofisye Nichole M. DiVello	Mattituck, NY	Long Island/Metro	Long Island
Ofisye Andrea M. Francisco	Camillus, NY	Hudson Valley	Palisades
Ofisye Michael B. Gemmel	Red Hook, NY	Hudson Valley	Taconic
Ofisye Michael J. Harlan	Huntington, NY	Long Island/Metro	Long Island
Ofisye Kyle A. Harrington	Brewerton, NY	Long Island/Metro	Long Island
Ofisye Frank J. Keegan	Watervliet, NY	Long Island/Metro	New York City
Ofisye Matthew A. Keller	West Babylon, NY	Long Island/Metro	Long Island

Ofisye Paul L. Kieffer	Cowlesville, NY	Hudson Valley	Palisades
Ofisye Matthew D. Kozlowski	Lancaster, NY	Hudson Valley	Taconic
Ofisye Michael V. Kubek	East Amherst, NY	Long Island/Metro	New York City
Ofisye Christopher R. Leslie	Glenville, NY	Hudson Valley	Palisades
Ofisye Erik R. Leunig	Wading River, NY	Long Island/Metro	Long Island
Ofisye Shannon A. Mackay	Breezy Point, NY	Long Island/Metro	New York City
Ofisye Matthew L. Mix	Spencer, NY	Long Island/Metro	New York City
Ofisye Adam J. Mlodzianowski	Schenectady, NY	Hudson Valley	Palisades
Ofisye Zachary M. Montroy	Ogdensburg, NY	Long Island/Metro	Long Island
Ofisye Dustin A. Morris	Cortland, NY	Long Island/Metro	Long Island
Ofisye Hamilton R. Nunez	Pine Bush, NY	Long Island/Metro	Long Island
Ofisye Adam M. Pexton	Whitesboro, NY	Long Island/Metro	Long Island
Ofisye Jeremy A. Pickering	Collins, NY	Hudson Valley	Taconic
Ofisye Dylan J. Pitt	Newburgh, NY	Long Island/Metro	New York City
Ofisye Angela M. Ragusa	Wheatfield, NY	Hudson Valley	Palisades
Ofisye Thomas P. Ray	Niagara Falls, NY	Long Island/Metro	New York City
Ofisye Luis J. Rodriguez	Accord, NY	Long Island/Metro	New York City
Ofisye Christopher J. Roertgen	South Setauket, NY	Long Island/Metro	Long Island
Ofisye Kyle P. Rooney	Ellenville, NY	Hudson Valley	Palisades
Ofisye Joseph F. Roth	Watkins Glen, NY	Hudson Valley	Palisades
Ofisye Brandon R. Schmelmer	Putnam Valley, NY	Hudson Valley	Palisades
Ofisye Justin N. Schwarzmuller	Wilson, NY	Long Island/Metro	New York City
Ofisye Christopher S. Spencer	Oneida, NY	Hudson Valley	Palisades
Ofisye Liseth M. Toro	East Moriches, NY	Hudson Valley	Palisades
Ofisye Joseph Wier IV	Schenectady, NY	Hudson Valley	Palisades

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)